


# Tranzisyon 2 Go

na Laflorid



## Lavi ki Baze nan Kay ak Kominote Medicaid Egzonere

Egzonerasyon Sèvis Lavi ki Baze nan Kay ak Kominote (HCBS) se pwogram Medicaid yo ki founi sèvis lakay yon moun ki ta bezwen swen ensitasyonèl nan yon lopital oswa mezon retrèt. San yo pa delivre sèvis egzonerasyon nan komite an, gen kèk adolesan ak jèn adilt ki ta ka pa viv lakay yo oswa resevwa sipò nan milye travay yo.

Egzonerasyon yo founi sèvis ki depase anpli pake benefis jeneral Medicaid pou adilt yo epi yo sible pou moun ki demontre bezwen pou nivo swen ki pi wo. Tipikman anwolman yo ge limit sou kanitite ki pèmisi; lemoman anwolman yo rive yon sèten kantite, oswa limit dola yo, yo kreye yon lis datant. Lis datant pou Medicaid Laflorid na souvan se pou yo ane.



TGenyen konye an 15 HCBS egzonerasyon nan Laflorid. Sa ki pi gwo an se pou moun ki gen andikap devlopman ki gen laj 3 zan ak pi gran, Ajans pou Moun Ki Andikape (APD). APD ofri yon gwo varyete sipò ak sèvis pou ede moun ki gen pwoblèm devlopman, ki defini nan Florid kòm moun ki gen otis, paralizi serebral, sendwòm Dawon, andikap entelektyèl, sendwòm Prader-Willi oswa sèten fòm espina bifida. Sèvis yo ka gen ladann asistans swen pèsònèl, sèvis konpanyon, transpòtasyon, terapi, sipò konpòtmantal, enfimye espesyalize, ekipman medikal dirab ak sèvis sipò pou anplwaye yo. Tout sèvis yo egzije detèminezon pou nesesite medikal. Akòk yon lis datan ki long, li enpòtan pou fanmi yo aplike bonè, avan menm yo ta bezwen sèvis yo. Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram la ak pou aplike pou sèvis nan youn nan 14 biwo APD yo nan zòn la, vizite <http://apdcares.org>. Fanmi yo dwe vizite tou sitwèb Konsil Swen Familyal Laflodi ( Florida Family Care Council) la nan [www.fccflorida.org](http://www.fccflorida.org).

Plizyè pwogram egzonerasyon diferan endike nan paj anfas la. Pou aplike, ou dwe kontakte ajans k ap dirije li an; chak ajans yo endike nan tablo ki nan paj pwochen la ansan an kritè jenerak pou kalikasyon aplikan yo. Pou lis konplè ak deskripsyon pwogram egzonerasyon, gade *Rezime Sèvis Medicaid Laflodi la* nan [http://ahca.myflorida.com/Medicaid/pdf/2012-2013\\_Summary\\_of\\_Services\\_Final\\_121031.pdf](http://ahca.myflorida.com/Medicaid/pdf/2012-2013_Summary_of_Services_Final_121031.pdf).

Limit		Kalifikasyon baze sou anplwa	Kalifikasyon baze sou enfimite / pwoblèm sante	Ekskli ansyen maladi / lòt sikonstans	Prim pa mwa	Manda lejislatif	Egzije sètifikasyon anyèl
Revni	Laj						
		Non	Wi	Non	Non	Wi	Wi
<b>Pwoblèm nan devlopman</b>							
Wi	3 ak pi gran	Sèvis pou moun ki gen retadasyon mantal/enfimite nan devlopman epi ki satisfè kondisyon pou nivo swen pou yo kontinye rete lakay yo epi nan kominote a. Sèvis ki ofri nan egzonerasyon sa a se: kowòdinasyon sipò, fòmasyon lajounen pou adilt, founiti medikal pou konsome, terapi reyadaptasyon rezidansyèl, transpò ak èd nan swen pèsonèl. Ou ka fè yon aplikasyon anliy nan Ajans pou moun enfim oubyen an anglè Apply online to the Agency for Persons with Disabilities (APD), <a href="http://apd.myflorida.com/customers/application.htm">http://apd.myflorida.com/customers/application.htm</a>					
<b>Adilt ki souffri fibwoz sistik</b>							
Wi	18-59	Pwogram sa a founi sèvis pou endividi ki dyagnostike ak fibwoz sistik epi ki gen chans pou yo entène lopital (jan Department of Elder Affairs detèminen pou li) men ka rete lakay li depi li resevwa sèvis espesyal. Pa ane, pwogram lan ka pran swen o total 150 adilt ki souffri fibwoz sistik. Se pou w pran kontak ak depatman sante a pou w fè yon aplikasyon, oubyen ale nan <a href="http://www.dcf.state.fl.us/programs/access/">www.dcf.state.fl.us/programs/access/</a>					
<b>Adilt aje / enfim</b>							
Wi	18 ak pi gran	Pèmèt moun ki gen enfimite fizik epi ki gen 18 an oubyen ki pi gran epi ki satisfè kondisyon pou enfimri pou yo kontinye rete lakay yo epi nan kominote a. Sèvis yo ka swen sante lajounen pou adilt, swen gad maladi, prizanchaj ka, fanm kay, sèvis swen pèsonèl ak livrezon repa lakay. Se pou w pran kontak ak Department of Elder Affairs pou w fè yon aplikasyon, oubyen ale nan <a href="http://www.dcf.state.fl.us/programs/access/">www.dcf.state.fl.us/programs/access/</a>					
<b>Disotonomi familyal</b>							
Wi	3 ak pi gran	Sèvis pou endividi ki dyagnostike ak familyal epi ki gen chans pou yo entène lopital (jan Department of Elder Affairs detèminen pou li) men ka rete lakay li depi li resevwa sèvis espesyal. Gen limit sou tout egzonerasyon sèvis pou yon montan total pa ane ki \$20,900; montan sa a se pou chak fanmi. Pou ransèyman siplemantè, ale nan <a href="http://www.familialdysautonomia.org/Florida-Waiver.htm">www.familialdysautonomia.org/Florida-Waiver.htm</a> . Se pou w pran kontak ak ajans pou administrasyon swenaj oubyen an anglè Agency of Healthcare Administration (AHCA) pou w fè yon aplikasyon, oubyen monte nan <a href="http://www.dcf.state.fl.us/programs/access/">www.dcf.state.fl.us/programs/access/</a>					
<b>Modèl pou egzonerasyon</b>							
Wi	0-20	Sèvis pou moun ki gen maladi epinyè-serebral ki dejenere pezape epi ki si se pa sa, jan Children's Medical Services detèminen, mande pou gen nivo swen ki ofri nan yon lopital swen tanporè. Florida pa ka okipe plis pase 5 timoun menm lè nan pwogram sa a. Se pou w pran kontak ak AHCA pou w fè yon aplikasyon, oubyen ale nan <a href="http://www.dcf.state.fl.us/programs/access/">www.dcf.state.fl.us/programs/access/</a>					
<b>Aksidan nan mwèl epinyè / TBI</b>							
Wi	18-64	Sèvis pou endividi ki gen gwo chòk nan sèvo oubyen aksidan nan chenn dò, ki satisfè nivo swen ki ofri nan enfimri (jan Department of Elder Affairs detèminen pou li) men ka rete lakay li depi li ta resevwa sèvis espesyal. Sèvis ofri nan egzonerasyon sa a gen ladann prizanchaj ka, aparèy medikal espesyalize epi founiti ak swen pèsonèl. Se pou w pran kontak ak depatman sante a pou w fè yon aplikasyon, oubyen ale nan <a href="http://www.dcf.state.fl.us/programs/access/">www.dcf.state.fl.us/programs/access/</a>					

Pwofesyonèl swen medikal yo kapab ede pou asire jèn moun ki gen andikap yo oswa kondisyon sante kwonik yo ak fanmi yo okouran sou pwogram egzonerasyon Medicaid la kòm yon sous potansyèl pou sèvis ak sipò, epi yo founi dokiman egzibib yo, lè nesèsè.

Pou plis enfòmasyon sou topik sa a, vizite Bwat Zouti an nan [www.FloridaHATS.org](http://www.FloridaHATS.org) oswa kontakte Janet Hess nan [jhess@health.usf.edu](mailto:jhess@health.usf.edu), (813) 259-8604